

Kisa yon Doula ye?

Yon doula se yon pwofesyonèl kalifye ki ka fòme ak prepare oumenm ak fanmi w pou akouchman, ki sipòte w lè w gen tranche la ak lè w ap akouche, epi ki ede w retabli ak nourri tibebe a apre ou fin akouche.



NYC
Health



Lè se nan men yon doula ou pran swen, men ki avantaj sa ka genyen:

- Yon pi bon satisfaksyon fas ak eksperyans akouchman an;
- ou fè mwens tan ak tranche;
- gen mwens chans pou w fè sezaryèn;
- gen mwens chans pou gen entèvansyon medikal;
- paran kreye yon meye lyen ak tibebe a;
- gen plis moun ki bay tete;
- gen mwens chans pou akouche yon tibebe ki prematire oswa pou pwa tibebe a fèb lè li fèt.

“Doula mwen an te ede m santi m pi konfyan nan sal akouchman an e li konprann kisa ki t ap pase nan kò m. Li te fè m santi gen mwens laperèz.” — Kliyan CDI

Kijan Pou Mwen Enskri?

Pou enskri ak pou w wè si w kalifye:

- Rele 844-653-6852, Lendi rive Vandredi, 9 a.m. jiska 5 p.m.
- Vizite nyc.gov/health/cdi epi kontakte pwogram doula ki travay pou katye w la.
- Imèl cdi@health.nyc.gov.

“Sa a se yon bèl pwogram! Li ta dwe aksesib pou tout nouvo manman yo. ... Genyen yon doula pandan dezyèm gwosès mwen an te fè yon gwo diferans.” — Kliyan CDI



Pou jwenn plis enfòmasyon, eskane kòd QR la oswa vizite nyc.gov/health/cdi. Pou w mande materyèl fòmasyon pou doula, rele **311**.

3.25 Haitian Creole

Inisyativ Doula nan tout vil la

Resevwa Sipò Pwofesyonèl Gratis pou Akouchman W!



Kisa Inisyativ Inisyativ Doula nan tout vil la ye?

Inisyativ Doula nan tout vil la (Citywide Doula Initiative, CDI) ede redui inegalite rasyal ki genyen nan domèn swen sante matènèl epi li amelyore rezilta gwosès yo pou tout Moun New York.

Doula CDI yo:

- Founi sipò doula gratis nan katye ki manke aksè ak sèvis sa a;
- sipòte w pou pèmèt ou pran desizyon ki enfòmè;

“Doula mwen an te vrèman otantik. Li te pale ak yon vwa ki dous, li te ban mwen soutyen emosyonèl, e li te travay di pou li fè m jwenn resous.” — *Kliyan CDI*



- souvan, yo se manm kominote y ap travay pou li a, yo gen menm pwofil rasyal oswa etnik, kiltirèl oswa lengwistik ak kliyan yo;
- yo fòme pou yo bay swen ak tout respè ki mete aksan sou eksperyans ou, valè w ak preferans ou;
- ofri sipò nan plizyè lang, ki gen ladan Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Fransè ak Lang Siy Ameriken.

Elijibilite

Pou enskri, ou dwe reponn ak toude egzijans sa yo:

- Ou dwe ap viv nan zòn sèvis nou an oswa nan yon abri oswa fwaye dakèy nenpòt ki kote nan Vil New York
- Ou dwe genyen yon revni ki sitiye nan fouchèt ki pèmèt ou benefisyè Medicaid

Sèvis yo disponib kèlkeswa laj, ras oswa etnisite, idantite seksyèl, sitiyasyon imigrasyon oswa sitiyasyon asirans.

Kisa Pou W Atann


Lè w enskri, yon kowodonatè CDI ap rele w pou li diskite sou bezwen w yo. Apresa n ap mete w an kontak ak yon doula pou li founi w sipò lakay ou ak kèlkeswa kote w akouche a.

Pandan gwosès (anvan akouchman):

- Fòmasyon sou gwosès ak akouchman, pou ede w akouche an konfyans;
- ede w kreye ak reyalize plan akouchman pitit ou a;
- mete w an kontak ak resous, tankou WIC (the Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants, and Children), kou fòmasyon sou gwosès, ak asirans sante.

Lè ou gen tranche ak lè w ap akouche:

- Yon soutyen fizik ak emosyonèl pèmanan ak konkrè (tankou touche konfòtab, mo



ankourajman, awomaterapi, ak bay patenè w la èd pou li kapab soutni w);

- rekòmandasyon pou rann akouchman an pi konfòtab, tankou teknik respirasyon ak relaksasyon;
- èd pou pale ak pèsònèl lopital la pou yo reponn kesyon oswa enkyetid ke w ka genyen yo.

Aprè nesans lan (aprè akouchman):

- Èd pou alimantasyon tibebe ak pran swen tibebe w ki fenk fèt la;
- tcheke sou ou lakay ou epi ba ou èd pou w pran swen tèt ou;
- ede w jwenn sipò adisyonèl, tankou konseye nan zafè alètman ak pwofesyonèl swen sante mantal, jan sa nesèsè.

“Mwen toujou raple [kliyan m yo] ke y ap fè yon bagay ki vrèman, vrèman ekstraòdinè e ki majik ak kò yo, e ke yo dwe koute l, apresye li epi konte sou li.” — *Doula CDI*

“Youn nan aspè ki pi enpòtan nan travay nou antanke doula se soutni souwè, bezwen ak otonomi paran ki ansent e k ap akouche yo.” — *Doula CDI*